CIVIC ACTION TEAMS

# Nepal Coronavirus CivActs Campaign

अंक #१६
१० ।१ ।२०७७

भ्रामक समाचार, हल्ला आ अफवाहसभसँ जेना जनजिवन अस्त व्यस्त बनेने छलै, अखन कोरोना भाईरसके महामारीके अवस्था सेहो तेहने छैक । हमसभ् मिलक एकर निराकरणमे महत्वपूर्ण भूमिका निर्वाह क सकैत छी । एहिके लेल अपनासभके विश्वसनिय आ श्रोत खुलल सहि सूचना निर्णायिक तहतक प्रवाह क सकैत छी ।

**Coronavirus CivActs Campaign (CCC)** सँ सरकार, सञ्चार माध्यम, संघसंस्था आ आम नागरिक बिचक सूचनाके दुरी कम कएक देशभैरसं संकलन कएलगेल हल्ला, नागरिकक जिज्ञासा आ प्रश्नसभ संकलन कए तथ्य पत्ता लगाएक आम नागरिकके सूचित करैत अछि । एहिसं आम नागरिकक आवश्यकताके पहिचान करवाक साथे हल्लासभहक कोनो नकारात्मक असर पहुचावस पहिलेहि सान्दर्भिक तथ्य आम नागरिक सभमे प्रवाह कए जोखिम न्युनिकरण करैत अछि ।



राहत वितरण
तस्बिर: AP/File Photo




## कोरोना भाईरस जोखिम नियन्त्रण, रोकथाम तथा नियन्त्रण कोषमे जम्मा होवएबला रुपैयाके स्रोत

नेपाल सरकारसँ प्राप्त होवएबला रुपैया

प्रदेश सरकार या स्थानीय तहसँ प्राप्त होवएबला रुपैया

विदेशी सरकार, संघसंस्था या आदमीसभसँ प्राप्त होवएबला रुपैया

सरकारी निकाय या गैरसरकारी संस्थासँ प्राप्त होवएबला रुपैया

स्वदेशी संघसंस्था या आदमीसँ प्राप्त होवएबला रुपैया

कोषके रुपैया बैंकमे राखिक आम्दनी होवएबला ब्याजके रुपैया

कोरोना भाईरस संक्रमण नियन्त्रण भेलाके बाद समितिके सिफारिस बमोजिम नेपाल सरकारके निर्णयसँ कोष विघटन होएतैक आ कोषके सम्पत्ति तथा दायित्व प्रधानमन्त्री दैवी प्रकोप उद्धार कोषके खातामे चईलजेतैक ।

accountabilitylab NEPAL

# हल्ला र तथ्य



सरकार कृषकके सहज बनाबएके लेल जे व्यवस्था कएने छैक कहलाक बावजुदो कहल जेला सहज नहि छैक । एहिके लेल केकरा कहए परतै ?

एहि सम्बन्धमे कहि कतौ अवरोध भेला पर ओकर यथासिघ्र सहजीकरण करए एवम् समस्याके समाधान करएब लेल निम्नानुसारके द्रुत कार्य समुह (Rapid Response Team) के सम्पर्क कए सकैत छी :
डा. हरिबहादुर के.सी., सहसचिव, कृषि तथा पशुपन्छी विकास मन्त्रालय (९८५१२२५७५५)
डा. वंशी शर्मा, महानिर्देशक, पशुसेवा विभाग (९८५१०६७३८७)
पूर्ण बहादुर बुढा, पशु चिकित्सक, कृषि तथा पशुपन्छी विकास मन्त्रालय (९८४९४५४००६)



आरो जगहमे परिक्षण कएलापर पोजेटिभ नतिजा एलापर पुन: परिक्षणके लेल नमुना काठमाण्डौ पठाबैत अछि कहादुन । कि काठमाण्डौसँ जाँचक नहि आएलातक ओकरासभके क्वारेन्टाईनमे राखल जाईत अछि ?

देशके बिभिन्न प्रयोगशालामे भेल परिक्षणके नतिजाके दोबारा पुष्टि राष्ट्रिय जनस्वास्थ्य प्रयोगशाला, बि.पि. कोईराला स्वास्थ्य विज्ञान प्रतिष्ठान आ भेरी अस्पतालसँ कएल जाईत अछि । प्रयोगशाला परिक्षणके नतिजा पुष्टि नहिभेला तक आईसोलेशन आ निगरानी लगाएत व्यवस्थापन कार्य कोभिड पोजेटिभ सरहए करए परैत अछि ।



काठमाण्डौ उपत्यका भितर सघन उपचार करावएवला बिमारके बाधा नहि होंइ तहि अनुसार सवारी पास देबै कहलाके बावजुदो हमरासन्के अपन सवारी नहि भेलके त कोनो सुविधा नै भेलै न ।

नियमित डायलाईसिस करएवला किड्नी (गुर्दा) के बिमार, किमोथेरापी देबएबला क्यान्सर (कर्कट रोग) के बिमार आ र दीर्घ रोगीके अस्पतालतक आबाजाही करवाक लेल काठमाण्डौ महानगरपालिकाद्वारा व्यवस्था कएलगेल नि:शुल्क एम्बुलेन्स ११८० मे डायल कए लेल जासकैत अछि । एहि विषयमे कोनो समस्या परलापर ट्राफिक प्रहरी उपरीक्षक द्रव जीवन श्रेष्ठके ९८५१०१६३१३ आ राज कुमार वैदवारके ९८५११२२१३५ मे सम्पर्क कए सेवा लऽ सकैत छी ।



राहत वितरणमे सेहो जातीय छुवाछुत लगाएतके विभेदजन्य काज भरहल छैक । एहन मुद्दा देखबला कोई नै छै ?

लकडाउनके समयमे राहत वितरणमे जातीय छुवाछुत लगाएतके विभेदजन्य काज नदोहराई कहिक सुनिश्चित करएके लेल समता पाउण्डेशन नि:शुल्क कानूनी परामर्शके व्यवस्था कएने अछि । आहाँके घरपरिवार, टोलपडोस या गामघरमे कोनो भी प्रकारके जातिय छुवाछुत तथा विभेदजन्य काज भेलापर वकिल प्रकाश नेपालीके ९८४१३५२३८१ मे सम्पर्क कए सकैत छी ।

## सूचनाका स्रोतहरू

नेपाल सरकार स्वास्थ्य तथा जनसंख्या मन्त्रालय कोरोना भाईरस रोग (COVID – 19) सम्बन्धी स्वास्थ्य क्षेत्रको प्रतिकाय

जोन्स् होपकिन्स् कोरोना भाइरस स्रोत केन्द्र

स्वास्थ्य र जनसंख्या मन्त्रालय

कोरोना कोष सञ्चालन निर्देशिका, २०७६

कोभिड(१९ को अवस्थाअ

कृषि तथा पशुपंछी विकास मन्त्रालय

नेपाल श्रम शक्ति सर्वेक्षण

सुरक्षित हुन के गर्ने

प्रधानमन्त्री तथा मन्त्रीपरिषदको कार्यालय



accountabilitylab NEPAL

# मुख्य गन्तव्य राष्ट्रमे रहल नेपाली कामदार

| साउदी अरव | कुवेत | बहराईन | कतार | युएई | ओमान | मलेसिया | दक्षिण कोरिया |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| ३,५२,६६७ नेपाली | ८२,६३० नेपाली | २८,२७६ नेपाली | ४,३७,००९ नेपबाली | २३,११,०८८ नेपाली | ८,२५० नेपाली | ४,६९,१३१ नेपाली | ५३,६९१ नेपाली |
| ११,६३१ संक्रमित | २,०८० संक्रमित | १,९५२ संक्रमित | ६,५३३ संक्रमित | ७,७५५ संक्रमित | १,५०८ संक्रमित | ५,४८२ संक्रमित | १०,६९४ संक्रमित |
| ४ नेपाली संक्रमित | ५ नेपाली संक्रमित | २२ नेपाली संक्रमित | २ नेपाली संक्रमित | १० नेपाली संक्रमित | | १ नेपाली संक्रमित | |




ShramikSanjal

## साउदी अरब स्थित नेपाली दुतावास श्रमिकके हितमे जारी कएल सूचना

साउदी सरकार बहुतो बड़का होटलसभके क्वारेन्टाइनके रुपमे प्रयोग कएनाई शुरु कएने अछि । एतए काज करहल नेपालीसभ काज करए नहि सकब कहि नेपाली दुतावासमे शिकायत कएलाक बाद, दुतावास होटल व्यवस्थापनसँ बातचित कएने छल । होटलमे काज करएबला सभके सुरक्षाके लेल सरकारके निगरानी आ निर्देशन अनुसार सावधानीके उपायसभ अवलम्वन कएने आ कोनो तरहके समस्या नहिभेल बतौने अछि । एहिके लेल कामदारके अप्पन समस्या स्पष्टरुपमे व्यवस्थापनके कहब आ सुरक्षाके सब उपायसभ अवलम्वन करएलेल आग्रह कएने अछि ।

कम्पनीके कहब जे कोनो भी वहानामे, रहिरहल आवास क्षेत्रसँ आओर ठाँम लजायबाक कोशिस कएलापर ई बात स्वीकार नहि करब । जायबाक विश्वसनिय आधार भेलापर चालकके भरोसामे नहि कि कम्पनीके प्रतिनिधिके साथमे मात्रे जाएब । एहिमे आओर सहयोग आवश्यक परलापर प्रहरीके नं ९९९ मे सम्पर्क करएलेल आग्रह अछि ।

अप्पन रोजगारीके क्रममे बहुतो समस्या राखैत नेपाली राजदूतावासमे टेलिफोन, ह्वाट्सएप, इमेलसँ सम्पर्क करैतकाल अप्पन नाम, जिला, अकामा नम्वर, कार्यरत कम्पनीके नाम, कफिल या म्यानेजर (जे समस्याके सम्बन्धमे जानकार छैक) के नाम आ नम्बर, नेपालके म्यानपावर कम्पनीके नाम आ नम्बर, काज कएरहल अवधि, अखुनका समस्या आ उपलव्ध भेलातक ओतए कार्यरत रहि समस्यामे परल नेपालीके संख्या लगाएतके विषयमे तथ्यपरक विवरणसभ उपलव्ध कराबएलेल आग्रह कएने अछि ।



सही सूचना

# ऋखन महामारीके अवस्थामे जनानीके उपयुक्त सुरक्षा व्यवस्था आवश्यक

दर्ता भेल बलात्कार आ घरेलु हिंसाक घटनासभ
नेपाल प्रहरीसँ प्राप्त तथ्यांक ( चैत्र ११ - बैशाख १)




नेपाल प्रहरीके अनुसार, २०७६ साल चैत्र ११ गते लकडाउन शुरु भेलाकबाद अपराधके गतिविधिसभ ९०% सँ घटल अछि । लेकिन, लकडाउनके पहिलका तीन सप्ताहके देशभरीके तथ्यांक देखबै त बलात्कार आ घरेलु हिंसाके घटनामे कमी नहिभेल देखाबैत अछि । जनानी आ लड़कीसभ अपने परिवार आ समुदाय भितर असुरक्षित अछि । बलात्कार आ घरेलु हिंसा विरुद्ध लड़बाक जिम्मेवारी आ जवाफदेही स्थानीय सरकारके जरुरत अछि ।

## $ फलो द मनी

जम्मा | खर्च

## संघिय सरकार

तीन बेरमे नेपाल सरकार
अर्थ मन्त्रालय मार्फत छुट्याओल

**करिब १ अर्व ४८ करोड**

कोरोना भाईरस जोखिम नियन्त्रण,
रोकथाम तथा नियन्त्रण कोषमे जम्मा

**करिब २ अर्व १० करोड**

कोरोना भाईरस विरुद्धके गतिविधिमे
नेपाल सरकार अखनतक कएल खर्च

**करिब १ अर्व ५० करोड**

## प्रदेश १

कोरोना भाईरस जोखिम नियन्त्रण,
रोकथाम तथा नियन्त्रण कोषमे
अखनतक जम्मा

**करिब २८ करोड ५६ लाख**

अहिले सम्म भएको कुल खर्च

**करिब १२ करोड ६ लाख**



# कोभिड - १९ के कारणसँ नेपालके अर्थतन्त्र क्षेत्रमे परएबला असर

## कोभिड-१९ अघि

सरकारी अनुमानित आर्थिक बृद्धिदर

**८.५%**

## कोभिड-१९ पछि

विश्व बैंक अनुमानित आर्थिक बृद्धिदर

**१.५% - २.८%**

**३१.२%**

**जनसंख्या**

चरम गरिबीको चपेटामा पर्ने

## प्रभावित होबएवला प्रमुख क्षेत्रसभ:

### व्यवसाय

- छोटका तथा मध्यमस्तरके उद्योगके बड्का जोखिमके सामना करए परत
- कच्चा पदार्थ आयातमे कमि भेलासँ उत्पादन घट्तैक
- मुद्रास्फीति (रुपैयाके भाउमे कमी) दरमे बृद्धि होएत

### कृषि

- खेतिपातीमे ढिलाई
- कृषिजन्य सामानसभ बजारतक ढुवानी करएमे कठिनाई
- मौषमी खेती करएमे समस्या

### वैदेशिक रोजगार

- लाखौके रोजगारी गुम्त
- देशके कुल ग्राहस्थ्य उत्पादनमे बड्का असर परत

### उत्पादन क्षेत्र

- उत्पादन क्षेत्र पूर्ण रुपमे धरासायी होएत

### पर्यटन उद्योग

- पर्यटन वर्ष २०२० मे गम्भीर धक्का
- पर्यटनसँ सम्बन्धीत उद्योग व्यवसायसभ बन्द
- आन्तरीक तथा बाह्य आवतजावत सुचारु नहि होबएतक हवाई यातायात, ट्राभल एण्ड ट्रेकिङ एजेन्सीसभ, कार्गो, होटल, रेष्टुरेण्ट व्यवसाय बेरोजगार जेहने भजेतैक ।

### अन्तरराष्ट्रिय व्यापार

- आयात आ निर्यात दर दुनु घट्त
- उद्योग कलकारखाना बन्द भेलासँ आ यातायात सेवामे बन्देजसँ अन्तरराष्ट्रिय आपुर्तिके श्रृंखला टुट्त
- पर्यटन क्षेत्रमे मन्दी ऐलासँ आ सामानक निर्यात घट्लासँ अन्तरराष्ट्रिय मुद्राके कमाई घटैत जाएत

### सबसँ अधिक प्रभावित

अनौपचारीक क्षेत्रमे काज करएबला कामदारसभ (विशेष कएक नेपाल आ भारतमे दैनिक मजदूरीमे काजकरएबला कामदारसभ)

### भविष्यमे आवएसकबला चुनौतीसभ

- आर्थिक अस्थिरता
- आर्थिक भार
- बैंकिङ प्रणालीमे तरलताके संकट

accountabilitylab NEPAL

# हमरा कोरोना भाईरसको संक्रमण देखाएत त कि करब?

## COVID-19
## हटलाईन सेवा

टोल फ्री हटलाइन
२४ घण्डाटा क्टर परामर्श
१११५ र ११३३

हिंसा र दुरुपयोगाके
जानकारी
९८०११९३०८८

खाना
१०० र ११३७

**एकर परिक्षण कतए होईत अछि?**

एहि रोगाके परिक्षण राष्ट्रिय जनस्वास्थ्य प्रयोगशाला टेकुके साथे सब प्रदेशमे कए जम्मा १४ टा ठाँमसभमे कोभिड-१९ के पि.सि.आर. विधिसँ नमूना परिक्षण करबला प्रयोगशालासभ सञ्चालनमे छैक आ आ.डि.टि. प्रविधिसँ ७७ टा जिलामे एकर परिक्षण होईत अछि ।

**बिमार आदमी अपने प्रयोगशालामे जासकैत अछि कि नहि? कते शुल्क लगैछै ?**

बिमार आदमी अपने प्रयोगशालामे नहि आईब सकैत अछि । एकर जाँचके लेल कोनो शुल्क नहि लगैत छैक ।

**रिपोर्ट आउन कति समय लागछ?**

पि.सि.आर. विधिसँ नमूना प्रयोगशालामे पठौलाके ६ सँ ४८ घण्टामे एकर रिपोर्ट लेल जासकैत अछि त, आ.डि.टि. प्रविधिसँ १५ मिनटमे एकर रिपोर्ट बुझल जासकैत अछि ।

एहि अंकमे समेटल गेल हल्ला, सवाल एवम् सूचनासभ, बहुतो संस्था, व्यक्ति, नेपाल सरकार स्वास्थ्य तथा जनसंख्या मन्त्रालय आ विश्व स्वास्थ्य संगठनके वेब पेज, सामाजिक सञ्जाल, आ सिभिक एक्सन टिम एहि अप्रिल महिना भितर २००० सं बेसी व्यक्तिसभसंगेके संवादसं संकलन कएलगेल छैक । विषयके महत्व, सान्दर्भिकता आ तीव्रताके ध्यान दएक हल्ला, सवाल एवम् जिज्ञासासभक चयन कएलगेल अछि । एहि अंकमे समेटल गेल जानकारी बुलेटिन प्रकाशित भेल तिथितक सत्य अछि ।

**Coronavirus CivActs Campaign** is brought to you by **Accountability Lab Nepal**.

accountabilitylab communities